



MINISTÈ EDIKASYON NASYONAL AK FÒMASYON PWOFEYONÈL (MENFP)
DIREKSYON ANSÈYMAN FONDAMANTAL (DEF)

KOURIKOULOUM AKSELERE POU NIVO FONDAMANTAL I AK II

**PWOGRAM POU LEKÒL ASWÈ YO
AK SANT EDIKASYON FAMILYAL YO (SEF)**

Kaye egzèsis elèv yo
Syans Eksperimantal

NIVO 1

Mas 2021

**10
AN
OSWA
PLI GRAN**



AVÈK SIPÒ TEKNIK UNESCO
ak
INISYATIV MIT-Ayiti



Organisation
des Nations Unies
pour l'éducation,
la science et la culture

Copyright © 2018 MENFP

Dokiman sa a pibliye an lib aksè avèk lisans atribisyon ki pa komèsyal. Sa vle di tout moun k ap fè lekòl oubyen k ap sipòte youn ou plizyè lekòl nan peyi d Ayiti kapab enprime liv sa a pou rezon pedagogik, jan li ye a, san wete ni mete anyen ladan l. Men, nan okenn ka, pèsonn pa gen dwa ni vann ni achte liv sa a. Li pa fèt pou vann.

Pèsonn pa gen dwa fè okenn chanjman nan liv sa a : pa retire ni ajoute anyen nan liv la san Ministè Edikasyon nasyonal ak fòmasyon pwofesyonèl pa ba ou yon otorizasyon ekri sou papye ofisyèl ministè a pou sa.

Non ki itilize nan dokiman sa a ak fason kontni yo prezante a pa enlike okenn patipri Ministè Edikasyon nasyonal ak fòmasyon pwofesyonèl ni patipri UNESCO sou estati jiridik peyi yo, teritwa yo, vil yo oubyen zòn yo, ni sou otorite yo, ni sou fwontyè yo.

ISBN : ...

Depo legal :

Edisyon Expression Computer Services expressionservice@yahoo.fr

Pwodiksyon : MENFP ak kolaborasyon UNESCO

Miz an paj : Ralph Penel PIERRE, Etienne JEAN LOUIS

Se Ministè Edikasyon Nasyonal ak Fòmasyon Pwofesyonèl (MENFP), ak sipò teknik UNESCO, ki kreye dokiman sa a.

Vèsyon sa a se materyèl pami yon koleksyon resous ki pou sèvi nan ansèyman ak aprantisaj pami elèv nan lekòl aswè ak sant edikasyon famiyal. Elèv sa yo gen plis laj pase elèv nan lekòl klasik yo ; genyen ladan yo ki se gran moun k ap chache enstriksyon nan nivo fondamantal.

MENFP ak UNESCO rann koleksyon materyèl sa yo disponib an lib aksè avèk lisans atribisyon ki pa komèsyal. Epi UNESCO ak MENFP pataje materyèl sa yo ak MIT-Ayiti pou n ka difize yo alawonn Badè sou Platfòm MIT-Ayiti : <http://MIT-Ayiti.NET>.

Se twa Grenadye nan ekip MIT-Ayiti a (Michel DeGraff, Haynes Miller & Ezra Remer) ki pran anpil plezi nan travay tankou Mèt Jan Jak pou n kolabore ak UNESCO ansanm ak MENFP nan amelyore dokiman sa yo. Nou kontan anpil paske nou ka kole zepòl epi mete tèt ansanm ak kolèg nou yo nan UNESCO ak MENFP pou n prezante bèl resous sa yo sou Platfòm MIT-Ayiti — pou n ede nan bati lekòl tèt an wo ak peyi tèt an wo.

Bèl konbit, wi. Men anpil, chay pa lou !

SA KI NAN LIV LA :

KONSÈY	4
TÈM : KÒ MOUN	5
ESPLIKE FENOMÈN KOUMAN MOUN GRANDI	5
APLIKE RÈG IJYÈN YO	6
KONNEN EPI METE AN PRATIK RÈG IJYÈN KI GEN RAPÒ AK KÒ NOU EPI AK SA N AP MANJE	9
DEKOUVRI ÒGÀN SANS YO EPI KONNEN KÒMAN POU NOU PRAN SWEN YO	10
TÈM : BÈT KI NAN ANVIWÒNMAN NOU	13
KONNEN KARAKTERISTIK MAMIFÈ YO	13
KONNEN KARAKTERISTIK ZWAZO YO	14
TÈM : PLANT KI NAN ANVIWÒNMAN NOU	17
KLASE PLANT KI NAN ANVIWÒNMAN NOU DAPRÈ JAN NOU SÈVI AK YO	17
TÈM : ELEMEN NATIRÈL	22
ESPLIKE FÒMASYON SÒL LA EPI REKONÈT ENPÒTANS LI NAN LAVI BÈT AK MOUN.	22
MONTRE EGZISTANS LÈ NAN NA TI A	23
TÈM : ENTÈRAKSYON KONPOZANT ANVIWÒNMAN NOU	24
IDANTIFYE SA ÈT VIVAN YO BEZWEN POU YO VIV	24

SYANS EKSPERIMANTAL

KONSÈY

Ministè Edikasyon Nasyonal mete nan men tout elèv nan peyi a kaye egzèsis sa a. L ap pèmèt ou aprann konnen kò w, jan li fèt, jan li fonksyone ak tout bon konpòtman ou dwe genyen pou rete an sante.

L ap pèmèt ou konnen tout plant ak tout bèt k ap viv bò kote w. L ap pèmèt ou fè anpil egzèsis pou konprann pi byen tout leson mè la oubyen metrès la te fè ak ou nan syans eksperimantal.

Pou fè egzèsis yo, w ap bezwen kreyon nwa ak kreyon koulè. Se pou w koute byen, oswa li byen sa yo mande w fè yo pou w ka reyisi egzèsis yo. Apre chak seri egzèsis, w ap jwenn tout sa ou dwe konnen sou leson an. Pa bliye ou dwe refè tout egzèsis yo epi repase tout sa nou dwe konnen yo anvan chak egzamen.

Egzèsis yo enpòtan anpil pou ede w konprann nosyon mè la oubyen metrès la ap montre w la. Ou dwe fè yo apre chak leson epi lè mè la oubyen metrès la mande w fè yo. Si w gen egzèsis ou pa konprann, ale kote mè la oubyen metrès la pou li ba w plis esplikasyon.

Kaye sa a se pou ou, ou dwe pwoteje l epi kenbe l pwòp.


TÈM : KÒ MOUN

OBJEKTIF :

Esplike fenomèn kouman moun grandi

AN NOU METE KONESANS NOU AN PRATIK

1- Antoure ti moun ki pi wo a epi pase yon trè an ba sa ki pi kout la.



2- Mezire tay kat (4) elèv avèk yon santimèt epi ekri rezilta yo.

a) _____ cm an) _____ cm b) _____ cm ch) _____ cm

3- Èske w ka toujou mete rad ak soulye ke w te genyen lè w te gen 2 an ?
Pou ki sa ?

Rep _____

4- Aprè chak fraz ou li, mete V bò kote I si li vre, PV si li pa vre.

- a) Nan yon klas, tout ti moun ki gen menm laj gen menm wotè.
- an) Pou mezire wotè yon moun, ou bezwen yon balans.
- b) Mwen ka toujou mete rad mwen te genyen lè m te gen 3 an.
- ch) Tout moun grandi nan longè ak nan gwosè.

5- Li twa fraz ki an ba la a, epi mete yon kwa nan ti rektang ki an ba repons ki bon an.

Jakòb se yon ti gason ki gen 10 an. Li mezire 1,10 m nan mwa oktòb. Nan mwa janvyè, li mezire 1,15cm.

Li vin pi wo

Li vin pi kout

SA NOU DWE KONNEN :

Tout moun pa gen menm tay ; gen sa ki pi wo pase lòt. Moun grandi avèk laj. Moun grandi nan gwosè ak nan longè.



OBJEKTIF :

Aplike règ ijyèn yo

1- Gade desen sa yo, ekri sa nou wè ssou liy ki an ba la a.

Reponn sou liy a) pou desen a) ; sou liy an) pou desen an) ; epi sou liy b) pou desen b).

a)



an)



b)



a) _____

an) _____

b) _____

2- Reponn kesyon sa yo.

- Pou ki sa yon moun dwe bwose dan l ? _____

- Chak ki lè li dwe bwose dan l ? _____

- Ki sa ki ka rive yon moun ki pa bwose dan l ? _____

- Ki sa ki ka rive yon ti moun k ap jwe nan tè ? _____

- Ak ki sa ti moun dwe benyen ? _____

- Pou ki sa yon moun dwe benyen ? _____

3- Gade de (2) desen sa yo byen epi esplike sa k ap pase nan chak desen.
Reponn sou liy a) pou desen a) epi reponn sou liy an) pou desen an).

a)



an)



a) _____

an) _____

4- Reponn kesyon sa yo ?

- Pou ki sa ti moun ki nan chema «an» a ap lave men li ? _____

- Ki sa ki ka rive ti moun sa a si li pa ta lave men l lè l sòti nan twalèt la ?

5- Gade byen 3 desen sa yo, di ki sa moun yo ap fè sou liy a, an, b. Apre sa, reponn kesyon ch, d, e, è.

a)



an)



b)



a) _____

an) _____

b) _____

ch) Ki sa ki ka rive moun k ap bwè dlo rivyè a ? _____

d) Pou ki sa yon moun dwe lave men li anvan li manje ? _____

e) Pou ki sa yon moun dwe lave yon fwi anvan li manje li ? _____

è) Ki sa ki ka rive si yon moun manje fwi ki pa lave ? _____

6- Aprè chak fraz ou li, mete V bò kote I si li vre, PV si li pa vre.

a) Nou ka manje fwi ak legim san lave _____

an) Nou dwe trete dlo n ap itilize _____

b) Si yon moun pa suiv règ ijyèn yo, li ka malad. _____

ch) Nou dwe mete rad sere sou nou. _____

7- Ekri de (2) maladi nou ka trape lè nou pa respekte règ ijyèn yo.

a) _____

an) _____

OBJEKTIF :

Konnen epi mete an pratik règ ijyèn ki gen rapò ak kò nou epi ak sa n ap manje.

AN NOU METE KONESANS NOU AN PRATIK

1- Site kat (4) règ ijyèn ki gen rapò ak kò ki ka ede yon moun rete an sante.

- a) _____
- an) _____
- b) _____
- ch) _____

2- Ekri twa (3) prekosyon yon moun dwe pran pou l pa gen kolera.

- a) _____
- an) _____
- b) _____

REPONN KESYON SA A

3) Ki sa w dwe fè ak men w anvan w al manje ?

R- _____

4) Lè w fin keyi yon fwi oubyen achte li nan mache, ki sa w dwe fè ak li avan w manje l ?

R- _____

SA NOU DWE KONNEN :

Pou yon moun rete an sante, li dwe respekte tout règ ijyèn yo. Kò moun dwe lave chak jou ak dlo epi ak savon. Dan nou dwe bwose aprè nou fin manje. Cheve nou dwe lave epi penyen souvan.


- Epi tou, nou dwe netwaye lòt pati nan kò nou, tankou : je nou, zorèy nou, kou nou, an ba bra nou ak ògàn jenital nou. Si nou pa vle gen move lodè, respekte règ ijyèn yo.
- Bwose dan nou chak fwa nou fin manje.
- Evite mete lajan papyè ak pyès nan bouch nou.
- Pa itilize krache pou n efase nan kaye nou.
- Pou evite gen dyare ak kolera, byen lave fwi ak legim anvan n manje yo.
- Li enpòtan pou n bwè dlo trete pou n pa malad.
- Pou n trete dlo, nou ka mete 5 gout jif nan yon galon dlo oubyen yon grenn akwatab nan yon galon dlo. Nou kapab bouyi dlo a si nou pa gen jif.



OBJEKTIF :

Dekoukri ògàn sans yo epi konnen kòman pou nou pran swen ògan sa yo

1- Gade tout imaj sa yo, di kouman yo rele ak sa nou ka fè avèk yo chak.



A) _____

AN) _____

B) _____

CH) _____

D) _____

2- Pou chak ògàn sa yo, ekri de (2) fason ou ka pran swen yo.

Po: 1- _____
2- _____

Je: 1- _____
2- _____

Lang: 1- _____
2- _____

Zòrèy: 1- _____
2- _____

Nen: 1- _____
2- _____

2- Di kòman gwoup ògàn sa yo rele.

SA NOU DWE KONNEN :

Ògàn sans se ògàn sa yo ki pèmèt nou kominike ak anviwònman kote n ap viv la. Sa se ògàn ki sèvi n pou n santi, pou n tande, pou n goute, pou n gade, pou n manyen.

Chak ògàn sa yo, pou yo ka ranpli fonksyon yo byen, nou dwe pwoteje yo epi pran swen yo. Pa egzanp :

- 1- Pou pwoteje po nou, nou dwe :
- Mete rad pwòp
 - Pa rete kote ki gen pousyè
 - Benyen souvan ak dlo tyèd ak savon
- 2- Pou pwoteje je nou, nou dwe :
- Siye je nou ak sèvyèt pwòp
 - Evite li ak ekri nan limyè ki twò feb
 - Pa travay nan limyè ki twò fò pou je nou
 - Pa fikse solèy la.

3- Pou pwoteje nen nou :

- Nou pa dwe foure bagay sal nan nen nou
- Nou dwe mouche nen nou ak mouchwa pwòp sitou lè nou gripe.

4- Pou pwoteje zòrèy nou :

- Nou dwe netwaye zòrèy nou
- Evite rantre bagay di, sal oubyen pwenti nan zòrèy nou.

5- Pou pwoteje lang nou, nou dwe :

- Bwose li souvan, sitou lè nou fin manje.
- Evite manje manje cho ak manje ki gen twòp epis.






TÈM : BÈT KI NAN ANVIWÒNMAN NOU

OBJEKTIF :

Konnen karakteristik mamifè yo


AN NOU METE KONESANS NOU AN PRATIK

1- Fè yon kwa sou tout bèt ki konn bay pitit yo tete




Sonje : tout mamifè bay pitit yo tete

2- Fè yon kwa sou tout bèt ki gen pwal sou kò yo.



3- Antoure chak mamifè ki nan rektang sa a.



SA NOU DWE KONNEN :


- Kò mamifè yo kouvri ak pwal ;
- Yo gen manmèl pou bay pitit yo tete ;
- Yo se vivipa, sa vle di yo fè pitit yo tou vivan ;
- Mamifè se tout bèt ki gen manmèl pou bay pitit yo tete. Egzanp : moun, cheval, chat.



OBJEKTIF :
Konnen karakteristik zwazo yo


AN NOU METE KONESANS NOU AN PRATIK

1) Fè yon kwa sou chak bèt ki anndan rektang sa a e ki abitye ponn ze.





Sonje : tout zwazo ponn ze

2) Fè yon kwa sou chak bèt nan rektang sa a ki gen plim sou kò yo.



Sonje : tout zwazo gen plim sou kò yo

1. Fè yon kwa sou chak mamifè epi antoure chak zwazo.



2) Ekri non kat (4) zwazo ou konnen.

a) _____

an) _____

b) _____

ch) _____

SA NOU DWE KONNEN :

- Kò zwazo yo kouvri ak plim.
- Yo ponn ze.
- Yo genyen 2 zèl.
- Yo genyen 2 pat.



TÈM : PLANT KI NAN ANVIWÒNMAN NOU

OBJEKTIF :

Klase plant ki nan anviwònman nou daprè jan yo itilize yo.

AN NOU METE KONESANS NOU AN PRATIK

1. Gade pye fwi sa yo byen epi ekri non yo sou liy a) ak an) ki an ba la a.



a) _____

an) _____

2. Ekri non kat (4) lòt plant ki nan lokalite kote w ap viv la e ki konn bay fwi.

3. Ekri non kat (4) pye bwa ki pa bay fwi e ki konn sèvi pou fè planch.

SA NOU DWE KONNEN :

- Ab fwitye se pye bwa ki bay fwi. Egzanp : Pye mango, pye zaboka.
- Ab forestye se pye bwa ki nan forè e ki pa bay fwi ; men, yo ka sèvi pou fè planch. Egzanp : Kajou, chèn.



4- Ekri non kat (4) plant yo konn itilize bò lakay ou pou fè remèd.

Plant medisinal se plant ki ka sèvi pou fè medikaman (remèd).

5- Ekri non twa (3) legim sa yo.



a) _____

an) _____

b) _____


6) Ekri non kat (4) lòt plant yo konn itilize lakay ou pou fè legim

SA NOU DWE KONNEN :

Plant potajè se plant ki sèvi pou fè legim



7) Gade imaj sa yo byen epi reponn kesyon a) ak an) ki an ba la.



a) Di ki sa w wè nan chak imaj yo.

an) Ekri non twa (3) zèb ki gen bò lakay ou bèt abitye manje.

SA POU NOU SONJE :

Plant fourajè se plant pou bèt manje.



8) Gade imaj sa yo byen epi reponn kesyon a), an) ak b) ki an ba la a.



a) Ki sa chak imaj yo reprezante?

an) Ki bagay ou ka fè avèk chak?

b) Ki sa yo fè ak plant sa yo bò lakay ou?

SA POU NOU SONJE :

Plant tekstil se tout plant ki ka sèvi pou fè fil oubyen twal.



EKRI NON PLANT KI BAY BÈL ODÈ E KI SÈVI KÒM ENGREDYAN NAN LABOUYI YO KONN FÈ LAKAY OU.

SA POU NOU SONJE :


Plant awomatik se tout plant ki bay odè — se plant tankou sitwonèl, bazilik, kanèl e latriye.



10) Gade imaj sa yo, epi ekri non 2 plant sa yo ansanm ak sa yo konn fè ak yo. Reponn sou liy a) pou imaj a) epi reponn sou liy an) pou imaj an)



an)



a) _____

an) _____

11) Ekri non kat (4) lòt plant yo konn mete nan manje pou bay manje a gou.

12) Ekri non kat (4) plant yo konn plante nan lakou pou fè lakou a bèl.

SA POU NOU SONJE :

Plant kondimantè se tout plant ki bay manje gou — se plant tankou lay, pèsi, jiwòf e latriye.

Plant ònemantal se tout plant ki plante nan lakou oubyen nenpòt lòt kote pou kreye bèlte.



TÈM : ELEMEN NATIRÈL**OBJEKTIF :**

Esplike fòmasyon sòl la epi rekonèt enpòtans li nan lavi bèt ak moun.

1) Lè w obsève yon pil tè, ekri non kat (4) bagay ou kapab jwenn ladan l

- a) _____
an) _____
b) _____
ch) _____

2) Lè w kraze yon wòch, ki sa l tounen ?

R- _____

3) Ekri de (2) fason sòl la itil moun.

- R- a) _____
an) _____

4) Si nou rache yon plant nan sòl la, èske l ap kontinye viv ?

R- _____

5) Esplike pou ki sa nou di sòl la enpòtan pou moun ak bèt.

R- _____

SA NOU DWE KONNEN :

Sòl la se sou li nou mache, plante epi fè kay. Li fòme ak: moso wòch kraze ; rès plant tankou fèy, rasin, tij, fwi ; rès bèt mouri ; ti bèt vivan. Li pa menm jan tout kote. Gen sòl ki fen, gen lòt ki gwo, genyen ki nwa, genyen ki jòn e menm gen ki wouj.



OBJEKTIF :

Montre egzistans lè nan nati a

1) Mete yon ti dlo bouyi nan yon mamit epi mande ti moun yo pou yo obsève dlo a depi lè yo mete l sou dife a jiskaske li bouyi.

a) Ki sa nou obsève nan dlo a anvan li bouyi ?

an) Aprè eksperyans sa a, di ki sa nou jwenn nan dlo ki endispensab pou bèt k ap viv nan dlo ?

2) Mete dlo nan yon bokal transparan rive nan mwatye. Pran yon valè tè epi vide l ti kras pa ti kras ladan l.

a) Ki sa nou obsève ?

an) Ki sa nou ka di de sòl la aprè eksperyans nou sot fè a ?

3) Fè van pou lòt ak kaye nou

a) Ki sa nou te santi lè kamarad nou an t ap fè van pou nou ?

an) Aprè eksperyans sa a, di ki sa nou jwenn nan atmosfè a ki endispensab pou èt vivan.

4) Di twa (3) kote yo jwenn lè nan nati a.

a) Nan dlo (se sa ki pèmèt bèt ki viv nan dlo yo respire).

an) Nan sòl la.

b) Nan atmosfè a (se sa ki pèmèt bèt vivan k ap viv sou tè a respire).

SA NOU DWE KONNEN :

- Nan nati a nou jwenn lè a twa (3) kote : nan dlo, nan atmosfè a epi nan sòl.



TÈM : ENTÈRAKSYON KONPOZANT ANVIWÒNMAN NOU

OBJEKTIF :

Idantifye sa èt vivan yo bezwen pou yo viv

1- Nan liy ki an ba la a, ekri kèk bagay yon moun bezwen pou li ka viv.

2- Nan liy ki an ba la a, ekri twa (3) bagay zannimo yo bezwen pou yo viv.


3- Nan liy ki an ba la a, ekri twa (3) bagay plant yo bezwen pou yo viv.

4- Gade imaj sa yo byen. Di ki plant ki p ap ka kontinye viv, epi di pou ki sa.

- a) Yon plant ki fèmen nan yon bokal ;
- an) Yon plant ki nan tè ;
- b) Yon plant ki derasinen.



5- Gade imaj sa yo byen, ankadre moun ki byen pòtan an epi souliye sa ki mèg la.



SA NOU DWE KONNEN :

Gen anpil bagay ki endispensab pou èt vivan yo (tankou lè, dlo ak manje); plant yo pa ka viv san dlo, lè ak sèl minewo. Bèt yo pa ka viv san dlo, lè ak manje.

Moun pa ka viv san bagay sa yo ; nou dwe bwè chak jou 3 ak 5 lit dlo trete, respire lè ki pa polye, byen manje chak jou. Nan manje n ap manje yo, dwe genyen twa (3) gwoup aliman ki se : aliman enèjetik, aliman pwotektè epi aliman konstriktè.

Lè yon moun manje manje ki pa ekilibre, li ka fè malnitrisyon. Nou toujou dwe manje manje ki ekilibre tankou manje sa yo :

Aliman ki gen pwoteyin pou bati kò nou (sa yo rele « aliman konstriktè ») se manje tankou vyann, ze ak lèt.

Aliman ki pwoteje kò nou se fwi ak legim.

Aliman ki ban nou enèji se sereyal (tankou mayi, diri, pitimi ak ble) epi grès yo.

